

ISBN 978-9943-4412-1-7
9 789943 441217

«AVANGARD-BASPA»

А.ЖИЕМУРАТОВА, Д.КНАЗБАЕВА, Г.ЕРКИНБАЕВА



# ТОБЫ МЕНЕН
# АНЫЛҒАН УСТАЗ

821.512.121-4/ Ж 77

Книга должна быть
Возвращена не позже
Указанного здесь срока
Количество предыдущих
выдач_____________

А.ЖИЕМУРАТОВА, Д.КНАЗБАЕВА, Г.ЕРКИНБАЕВА

# ТОБЫ МЕНЕН ТАНЫЛҒАН УСТАЗ

НӨКИС
«AVANGARD-BASPA»
2022

УОК: 812.521.122-42
КБК: 5 Қар
Ж-77

Жиемуратова А., Кназбаева Д., Еркинбаева Г.
Тобы менен танылған устаз [текст]: Публицистика - Нөкис: AVANGARD-BASPA 2022. - 24 б.

83,3 (2Қар) +75-556

Нәзериңизге усынылып отырған китапшада Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген тренер, Қарақалпақстан билимлендириўиниң ағласы, баскетбол бойынша Қарақалпақстан қызлар сайланды командасының тренери Ж.Баймуратованың өмир жолы менен баскетбол тарийхы бойынша мағлыўматлар берилген.

Баскетболды халық арасында үгит нәсиятлаў мақсетинде таярланған китапша спорт ышқыпазларының ҳәм китапсүйер қәўимниң кеўлинен шығады деген нийеттемиз.

**Пикир билдириўши:**

**Әбдиқадир Қайыпов** - Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының ағзасы, Орайлық Азия Жазыўшылары ҳәм тарийхшылары аўқамының «Туран бирлиги - Мықлы қәлемгер» медалының ийеси.

ISBN 978-9943-4412-1-7

© «AVANGARD-BASPA» баспасы, 2022
© Жиемуратова А., Кназбаева Д., Еркинбаева Г. 2022

SHIMBAY RAYONI MA'LIMLEME KITAPXANA ORAYI
"22" 12 2022
№ 2022/24-134

## БАСКЕТБОЛ ТАРИЙХЫНА НӘЗЕР

Дүньяның ғалабалық командалық спорт ойынларының ең күшли онлығынан орын алған спорт түрлериниң бири баскетбол ойыны болып табылады.

Бул ойын ойламаған жерден пайда болып, өзиниң тартымлылығы менен ғалабалық ойынлардың бирине айланып кеткен. Америкалы дене тәрбиясы пәни муғаллими Джеймс Нейсмит 1891-жылы оқыўшыларын бағдарламадағы ойынларды қайталаў менен жалықтырмаў мақсетинде, еки жайдың балконына овощ теретуғын еки корзинаны илдирип қойды ҳәм оқыўшыларын еки командаға бөлип, футбол тобын көбирек корзиналарға таслаў ўазыйпасын қойды. Топты ҳәр корзинаға салған сайын оны зәңги менен алыў жанға тийгенликтен, корзинаның түбин алып таслаў уйғарылды. Ойын кем-кем жетилисиўи менен корзина орнын сақыйна ийеледи ҳәм балкон орнына щит орнатылды. Дәслепки ўақытлары корзинаға түскен ҳәр бир топ бир упай менен баҳаланса, кейин ала ойын ўақтындағы түсирилген топ еки упайға, жәрийма майданның сыртынан тасланған топ үш упай, жәриймадан тасланған топ бир упай менен баҳаланатуғын болып, ойын қағыйдасы да кем-кем қәлиплесип барды. Бул оқыў жылының соңы еди. Каникул ўақтында оқыўшылар ҳәр жаққа тарап кетти. Олар да барған жеринде таза ойынның пайда болғанын жәрия қылып, баскетбол ойынының тез ен жайыўына себепши болды. Арадан бираз өтпей-ақ, бул ойын Американың барлық штатларында ойнала баслады.

1894-жылы баскетбол ойынының арнаўлы түрде қағыйдасы ислеп шығылды. Арадан 10 жыл өткеннен кейин АҚШ тың Сент Луис қаласында өткерилген «Олимпиада-1904» ойынларында көргизбели ойын шөлкемлестирилди. Бул көргизбели ойынның шөлкемлестирилиўи баскетбол ойынының еле де раўажланыўына имканият жаратылып, басқа континетлерде де өз көринисин таба баслады. Өткен



әсирдиң жигирмаланшы жылларына келип, баскетбол ойынын Олимпиада ойынлары бағдарламасына киргизиў ҳәрекетлери басланды. 1924-28-жыллары өткерилген Олимпиада ойынларында көргизбели ойынлар шөлкемлестирилди. Нәтийжеде 1932-жылы сегиз мәмлекет (Аргентина, Греция, Италия, Латвия, Португалия, Румыния, Швеция ҳәм Чехословакия) қурамында Халық аралық баскетбол федерациясы (NBA) дүзилди ҳәм Халық аралық Олимпия комитети тәрепинен 1935-жылы баскетбол ойынын Олипиада ойынларына киргизиў бойынша шешим қабылланды. Берлинде 1936-жылы өткерилген Олимпиада ойынларында баскетбол бойынша беллесиўлерге 21 мәмлекеттен команда қатнасты ҳәм усы Олимпиада ойынлары ўақтында Халық аралық конгресс шақырылып, баскетболдың халық аралық қағыйдасы қабыл етилди. Баскетбол ойынының авторы Джеймс Нейсмит Олимпиада ойынларының ҳүрметли мийманы болып қатнасты. Джеймс Нейсмит 1939-жылы 78 жасында әлемнен өтти.

Баскетбол ойыны бизиң елимизде Октябрь революциясынан кейин өз көринисин таба баслады. Елимиздеги ең биринши баскетбол командасы Ташкент қаласында инструктор-методист С.Старь тәрепинен шөлкемлестирилди. 1927-жылы баскетбол ойынының Москва методикасы пүткил аўқам бойлап ен жайдырыла баслады.



Сонлықтан да, сол жылы өткерилген Өзбекстан халықларының спартакиадасына баскетбол ойыны Москва методикасы тийкарында киргизилди ҳәм бул жарыста төрт команда Ташкент, Самарқанд, Андижан ҳәм Ферғана ўәлаятларының баскетболшылары өз-ара күш сынасты. 1929-жылдан баслап студентлер арасында баскетболдан жарыслар өткериле баслады. Нәтийжеде 1933-жылы баскетбол ойыны Өзбекстан спорты бағдарламасына киргизилип, Өзбекстан биринлиликлери менен чемпионатлары өткерилиўи дәстүрге айландырылды.

Өзбекстан кәсиплик бирлеспелериниң 2-Спартакиадасы (1935-жыл, июнь), Самарқандта өткерилген ҳаял-қызлар денетәрбия байрамы (1935-жыл, август), Ташкентте өткерилген мекемелераралық спартакиада (1935 жыл, сентябрь) спорт бағдарламаларына киргизилиўи дәўир талабына сай баскетболдың барған сайын кең ен жайыўының айқын көриниси еди. Ферғана, Қоқан, Андижан, Бухара қалаларында өз алдына биринлиликлер өткериледи. Тап сол жылы «Спартак», «Локомотив» спорт жәмийетлери дүзилди. «Локомотив» жәмийетине М.Федоров, «Спартак»қа А.Кириллов, «Динамо»ға И.Константинов тренерлик етти. Өзбекстан ерлер сайланды командасының биринши тренери К.К.Морозов болған еди.

Дөңгелек сақыйналарды (1936-жыл сентябрьде) техникалық тәрептен әдеўир жетилискен сақыйналар менен алмастырылыўы ҳәм топты ылақтырыў ҳәм алып жүриў техникасы жақсыланыўы, топты көкиректен еки қоллап ҳәм ийиннен бир қоллап, ҳәрекет ўақтында ҳәм турған жеринен торға түсириў имканын берди.

1937-жылдан баслап сайланды командалар арасында баскетбол бойынша Республикалық спорт жарыслары өткерилип басланды, спорт жәмийетлери командалары жеңимпазлары өзара қала, район, ўәлаят биринлиликлерин өткере баслады. Жеңип шыққан командаға «Чемпион» атағы берилип, оларға Пүткилаўқамлық жарысларда Өзбекстан

сайланды командасының абырайын қорғаўдай уллы ўазыйпа жүклетилди.

1939-жыл январьдан баслап жаңа қағыйдалар енгизиле баслады. Запастағы ойыншыларға ийе болыўға рухсат берилди. Бул қағыйдалар бойынша баскетбол сақыйнасының ҳәм топтың анық өлшемлери де белгиленип қойылды (диаметри 45 см, топтың салмағы 600-650 гр.), ҳәм де бәрше баскетбол майданшалары ушын бирдей олшемлер 28х15 м. етип белгилеп қойылды. 1939-жылдың қыс мәўсиминде көргизбели төрешилик ойынлары өткерилди.

Ал Қарақалпақстанда болса баскетбол ойыны XX әсирдиң 60-жылларынан басланады. Қарақалпақстанда баскетбол ойынын биринширлерден болып раўажландырған устазларымыз В.Каменов, Д.Давидов ҳәм Й.Ли болып есапланади.

Нәтийжеде 1960-1962-жылларда Қарақалпақстан баскетболшылары Өзбекстан Республикасы «Пахтакор» ықтыярлы спорт жәмийети тәрепинен шөлкемлестирилген жарысларда сыйлы орынларды ийелеўге еристи. 1970-жылы өткерилген мектеп оқыўшылары спартакиадасында баскетболшыларымыз бесинши орын менен шекленген болса, 1974-жылы Өзбекстан бириншилиги спорт жарысында 3-орынды ийелеўге миясар болды.

1970-жылдан баслап Қарақалпақстан баскетболын раўажландырыўға белсендилик көрсеткен екинши әўлад камалға келди. Олардан Й.Хашин, А.Пак, Н.Чиков, Б.Хашин, Б.Устинов, А.Қулимбетов, Й.Ли, Е.Когайларды атап өтсек арзыйды.

Й.Ли 1970-жылдан баслап НМУ баскетболшылары командасын таярлай баслады.

1970-1980-жылларда Б.Каменев баскетбол ойынын ҳаял-қызлар арасында ен жайдырыў ҳәм раўажландырыў бойынша табыслы ислерди әмелге асырды. Оның шәкиртлеринен Н.Пак, Л.Хабаловалар республикалық беллесиўлерде лидерлик етсе, Каковкин спорт усталығы нормативин орынлап, 1973-



жылы Өзбекстан сайланды командасы қурамына кирди.

Елимиз ғәрезсизлигинен кейин республикамызда баскетболдың раўажланыўы жаңа басқышқа көтерилди десек асыра айтқан болмаймыз.

Бурын тек орай арқалы халық аралық жарысларға шығатуғын болса, елимиз ғәрезсизлигинен кейин командаларымыз тиккелей сырт ел командалары менен жарысларға түсип, жолдаслық ушырасыўлар өткерип, халық аралық тәжирийбе арттырыў имканиятлары пайда болды. Бул жағдай тек баскетбол спортында емес, спорттың барлық тараўларында да жүз берди. Себеби Мәмлекетимиздиң Биринши Президенти И.А.Кәримов узақты көребилиўшилик даналығы менен денетәрбия ҳәм спортты мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерди. «Келешеги уллы мәмлекетти саламат әўлад ғана қурыўы мүмкин, ал саламат әўладты денетәрбия ҳәм спортсыз көз алдыға келтириў мүмкин емес» деген даналық фразалары менен «Денетәрбия ҳәм спортты, оның тараўларын буннан былайда раўажландырыў илажлары ҳаққында»ғы бир қатар Президент Пәрманлары менен Ҳүкимет Қарарларын жарыққа шығарды. Өз гезегинде



спортшыларымыз да Журтбасымыздың исенимин ақлап, халық аралық майданларда, континетлик ойынларды ҳәм Олимпиада Ойынларында мәлекетимиздиң байрағы желбирейтуғын, гимни жаңлайтуғын табысларды қолға киргизип, жаңа бой тиклеп киятырға бийғәрез мәмлекетимизди дүньяға танытыўда өзлериниң салмақлы үлеслерин қоса баслады.

Алдын спортшыларымыздың халық аралық ареналарына шығыўына көплеген тосықлар болып келген болса, елимиз ғәрезсизлигинен кейин спортшыларымызға кең имканиятлар есиги ашылды. Усындай жаратылған имканиятлардан өнимли пайдалана алған спортшы ҳәм тренер-оқытыўшылардың бири Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген тренер, Қарақалпақстан билимлендириўи ағласы Жәмийла Баймуратова болып табылады.

## ТОП ДОМАЛАҚ. ЖАЙНАТАР ӨМИРДИ БИРАҚ

Баймуратова Жәмийла Абдижәлиевна 1976-жылы 27-мартында Нөкис қаласында жумысшылар шаңарағынды дүньяға келди. 21-санлы орта мектепти 1982-92-жылларда оқып тамамлайды. Мектепте оқып жүрген дәўиринде-ақ Жәмийла спорттың ойын түрлерине қызыға баслаған. Оның спортқа болған ықласы 4-класында баскетбол секциясына жетелеп барып, Муқаддас Жураевадан жалықпастан баскетбол ойыны сырларын меңгере баслады. Усыннан баслап оның қәлбинде баскетболға деген айырықша меҳир оянған еди. Оның спортқа деген умтылысы, тренериниң тапсырмаларын булжытпай орынлаўы, өз үстинде излениўи оны тез күнде баскетбол ышқыпазлары нәзерине түсирди. Мектептеги саралаўшы беллесиўлердеги, мектеплер арасындағы жарыслардағы, районлар ҳәм қалалар арысындағы бириншиликлердеги оның шәпик ҳәрекетлери, ойында алып



барыў манералары менен техникасы баскетбол қәнигелериниң де дыққатын тарта баслады. Жәмийла еле ҳешқандай арнаўлы билимге ийе болмай турып-ақ, республикамыздағы ойын түрлери бойынша жетекши қәнигелердиң бири, Нөкис қалалық 1-санлы жас өспиримлер спорт мектебиниң директоры Сапарбай Абдиғаппаровтың оны тренер-оқытыўшы етип жумысқа қабыллаўының өзи, оған билдирилген үлкен исеним еди. Сол-сол екен Жәмийланың бир қабақ суўы артып, Қарақалпақстан сайланды командасы қурамында республикамыз абырайын қорғаўдай уллы ўазыйпа жанына, республикамыздың сайланды командасына резерв спортшыларды таярлаў ўазыйпасы да қоса жүкленди. Спорттың ойын түрлери десе, тыныш-тыншыўды билмейтуғын Жәмийла өзиниң шаққанлығы, өзине тапсырылған ўазыйпаға деген жуўапкершилиги ҳәм баскетбол спортына деген сүйиспеншилиги арқалы барлығын да кеўилдегидей етип орынлап барды.

Жәмийла спортшы болып ҳәўес етерлик табысларды қолға киргизген болса, егер ол басқа тараўды таңлағанында да өз исиниң маманы болары анық. Себеби ол асқан аўқатын да таңлай тақылдатып жейтуғын етип таярласа, көркем өнерден де қуры алақан емес. Белгили адамлардың образына кирип дәл өзи болып, ҳәттеки мимикаларына шекем келтирип сөйлеўи қасындағыларды таң қалдырады. Бир сапары Наўрыз байрамы қарсаңында жарысқа баратырып, «Сумалакдан тош топдим» қосығын атқарғанында поезд вагонындағылардың барлық жолаўшының атақлы бир қосықшыны тыңлағандай қоллап-қуўатлаўы оның бул тараўға да шынтлап кириссе, сахна жулдызы боларынан дерек берер еди.

Деген менен, бизде «қыз баланың жолы нәзик» деген ибара бар. Оның спорт пенен шуғылланыўын әкеси қоллап-қуўатлағаны менен, анасы тис-тырнағы менен қарсы болды. Оның 1997-жылы Қарақалпақстан сайланды командасында



Түркменстанның Ашхабат қаласында өткерилген жарыста аяғынан жарақат алыўы анасына жүдә қол келген еди. Оның үстине шыпакерлердиң қәте диагноз қойыўы да оған қосымша болды. Жарыс ўақтында оның аяғы шығып кетип, орнына салған ўақтында сүйектиң арасында нерв тамырлары қысылып қалған екен. Рентгенге түсирилиўине қарамастан шыпакерлер аяғында жарық бар деген жуўмақ шығарады. Бул шешим анасына қол келип спортқа бармасын деп аяғын гипслетип таслайды. Деген менен Жәмийланың аяғының азары бурынғыдан да бетер күшейеди. Аўырыўдың азарына шыдамай өзи аяғындағы гипсти қайшы менен қыйып алып таслайды. Усындай дағдарыслы күнлердиң биринде бир досты аяғын сынықшыға көрсетиўди мәсләҳәт етеди. Қаланың бир шетиндеги кексе сынықшыға рентген нәтийжелери менен барады. Сынықшы рентген нәтийжесине дыққат пенен қарап отырып, аяғында ҳеш қандай жарықтың жоқ екенин, ал шыққан сүйек орнына түскен гезде нерв тамырларын қысып қалғанын абайлайды. Бул тамырларды қысылған жеринен жаздырыў ушын аяғын қайта шығарыў кереклигин айтады. Сонда Жәмийла ҳеш қандай ойланып отырмастан,



сынықшының шәртине разы болады. Айтар аўызға аңсат болғаны менен, орнында турған аяқты қолдан шығарып орнына қайта салдырыўға келисим бериў ким болса соның қолынан келе бермейди. Аяғын орнынан шығарып, тамырларды босатып, қайта орнына саламан дегенше көрген азабы Жәмийланың өзине ғана аян. Оны сөз бенен тәрийплеп бериўге тил әззи. Ең тийкарғысы оның бүгилип қалған аяғы жаздырылып, аяқтың азары да пәсейе баслады.

Ол аяғы саўалыўы менен қайта спорт залына деген сағынышы улғая берди. Анасынан жасырын түрде шынығыўларға да бара баслады. Әкесинен рухсат алып, жарысларға да қатнаса баслады.

Оның өмириндеги, тек ғана оның өмириндеги емес ал Қарақалпақ спортындағы тарийхый қубылыслардың бири 1997-жылы баскетбол бойынша Өзбекстан чемпионатында Қаракалпақстан сайланды командасының сыйлы орынды ийелеўи ҳәм сол нәтийже бойынша команда ағзаларына Өзбекстан спорт усталығына талабан дәрежесиниң берилиўи қуўандыратуғын қубылыс болды. Сол күнге шекем Қарақалпақстанлы спортшы қызлар ойын түрлери бойынша спорт усталығына талабан дәрежесин жеке орынлағаны менен, командалық нәтийже бойынша орынламаған еди.

Оның өмириндеги ең қуўанышлы жағдай өзин түсинетуғын, спорт жарысларына қатнасыўын қоллап-қуўатлайтуғын инсан шет тиллери бойынша қәниге Азат Айтбаев пенен 1999-жылы турмыс қурыўы болса, 2014-жылдың 12-декабри оның өмириндеги ең өкинишли күн болды. Себеби оның спорт пенен шуғылланыўына тис-тырнағы менен қарсы турыўына қарамастан ең әзиз инсаны анасын алыс сапарға шығарып салған күни еди. Дана халқымызда «ана қәдирин ана болғанда билерсең» деген ибараның қаншелли дурыс екенин ана болғаннан кейин ғана аңлап жеткен еди. 2018-жылы Өзбекстанның жетекши тренерлери қатарында Америка қурама штатларында өткерилген халық аралық семинарға қатнасыў бахтына миясар

болды. Сол сапарында самолёт океан үстинен өтип баратырғанында қатты силкиниске ушырады. Океан түбине кетемиз деген қыялға бериледи. Сонда барып оның көз алдына анасының қаталлығы келип, өз қызына қаталлық етип жүргени ядына түседи. Дәрҳал қолына қағаз-ручка алып қызына хат жаза баслайды. «Қызым Азиза, саған көп қаталлық еттим, көп кейиймен. Булар сени жаман көргенимнен емес, ал сени қатарынан кем болмасын, шаңарағымызға гәп-сөз келтиретуғын жолларға кирип кетпесин деп бақыраман. Сениң тәрбиялы, саўатлы, зыялы қыз болып, адамгершилик пазыйлетлериң менен көплерге өрнек болыўыңды қәлеймен. Мен сени жақсы көремен...» деген сөзлерди жазған еди. Лекин, самолёт аман-есен мәнзилге жеткерди. Бул ўақыя умыт болды да, хат сумкада қалып кете берди. Күн артынан күнлер, ай артынан айлар өтип, жылларға уласып, ўақыт зымырап өте берди. Бир күнлери қызының қолында хат, жылап отырғанының үстинен шығады. Қызы Жәмийланы көриўден мойнынан тас етип қушақлап, «мама, мен сениң маған бунша баўырман екениңди аңғармаппан» дейди. Қараса, қолында Америка сапарындағы океан үстинде жазған ырзаласыў хаты екен.

## АДАМГЕРШИЛИК ПАЗЫЙЛЕТТИҢ ҮЛГИСИ

Адам өз исиниң қанша маманы болғаны менен, адамгерщилик пазыйлетине қарап та халық арасында абырай арттыратуғыны бәршеге мәлим. Жәмийланың топ пенен елге танылып, бир қанша жарысларда жоқары табысларды қолға киргизиўине ҳәм спорттың усы түри бойынша устазлық кәсипти таңлаўына себепши болған устазы Муқаддас Жураеваның Наманган ўәлаятына көшип кетиўине байланыслы, қайтыс болғанын еситпей қалады. Оның намазын Жәмийлаға хабарлаў кимниң ойына келгенди дейсең. Спорт жарысларының биринде наманганлы баскетболшылардан устазын сораса, олар оның әлле қашан



бул дүнья менен ырзаласқанын айтады. жетиси де, қырқы да өтип кетип, жүзин бериў қарсаңында екен. Қасына синлиси Қалиданы ертип, Наманганға устазының қәбирин зиятратлаўға барады. Барса еле устазының басына ҳеш қандай ескерткиш қойылмағанының гүўасы болады. Өзин тобы менен елге танытқан устазының басына қулпытас орнатып, «Нанай» аўылының халқын таң қалдырады. Дана халқымызда «Өли сыйлаған бай болар» деген ибара бар. Сол айтқандай Жәмиланың бул ҳәрекети нағыз адамгершилик пазыйлеттиң үлгиси еди. Себеби Жәмийла усы топ ойынның арқасында 2003-жылы Қарақалпақстан Халық билимлендириўи ағласы болса, 2005-жылы елимиздиң Ҳүрметли Президенди И.Кәримов пенен дийдарлысыў бахтына миясар болды. Ал 2015-жылы оған Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген тренер мәмлекетлик атағы берилди. 2011-жылы «Өзбекстан Халық билимлендириў ағласы» көкирек нышаны менен сыйлықланды. Қала берди 2012-жылы Самарқанд қаласында, 2015-жылы Наўайы ўәлаятында, 2018жылы Америка қурама штатларында өткерилген халық аралық семинарларға Өзбекстанның жетекши тренерлери қатарында қатнасып қайтыўға миясар болды.. Сондай-ақ ол 2021-жылы»Соғлам турмуш» көкирек нышаны менен сыйлықланыў бахтына миясар болды.



Жәмийла Баймуратованың бундай адамгершилик пазыйлетлерин оның тәрбиялаған шәкиртлери де, спорт мектебинде басшы болған ўақытта бирге ислескен жәмәәт ағзалары да аўыз толтырып мақтаныш етеди.

Бул пазыйлетти Ҳүрметли Журтбасымыз да «Қайыр-сақаўатты ҳәр ким ҳәр күни ислеўи керек» деп қоллап-қуўатламақта.

Жәмийланың бул исин нағыз адамгершиликтиң үлгиси десек асыра силтеген болмаспыз. Себеби сондай алыс жердеги ағайиниң қайтыс болғанда, басына қулпытас орнатпақ түўе, бир қол жайып қайтқанның өзи мүшкил ис. Соның ушын да ол биз мақтаныш ететуғын устазымыз Жамила Баймуратова дә.

## ТРЕНЕР ДЕ СПОРТШЫ БОЛҒАН

Спорт тарийхына нәзер салар екенбиз, күшли спортшылардың келешекте күшли тренер болған жағдайлары жүдә сийрек ушырасатуғын жағдай. Буның менен биз Жәмийла Баймуратованы ҳәзир Республикамызда жектекши тренерлердиң бири, сонлықтан ол күшли спортшы болмады деп айтыўдан аўлақпыз. Керисинше сол жеке сийрек ушырасатуғын жағдайлардың көринисин бизиң устазымызда көриўге болады. Жәмийла Баймуратова 1986-жылдан баслап мектеп көлеминдеги, мектеплер арасындағы ҳәм Республикамыздың қала районлары арасындағы биринширликлерде, мектеп оқыўшыларының спартакиадаларында топ сүрип, бир қатар табысларды қолға киргизип келди. Өзиниң шаққанлығы ҳәм ойын комбинацияларын шебер атқарыўы менен 1997-жылы Қарақалпақстан сайланды командасы қурамына қабыл етилди.

1997-жылы Ургенш қаласында Өзбекстан көлеминдеги өткерилген беллесиўде команданың жетекши ойыншысы сыпатында майданда ҳәрекет етип, қарсылас команда



ойыншыларының сын нәзерине илинди ҳәм қарсыласлар оның ойын алып барыўына тосқынлық жасай баслады. Нәтийжеде ол аяғынан жарақат алып ойынды ақырына жеткизе алмады. 1997-98-жыллардағы Өзбекстан чемпионатының жоқары лига ойынларындағы нәтийжеси бойынша Өзбекстан спорт усталығына талабан дәрежесин орынлаўға ерисити. Ал 1999-жылғы Ташкент қаласында өткерилген Универсиада ойынларындағы ерискен нәтийжеси бойынша оған Өзбекстан спорт усталығына талабан спорт дәрежеси берилди. Ал 2000-жылы Наманганда болып өткен беллесиўге Республикамыз сайланды командасының абырайын қорғаў ушын еки айлық баласын үйге таслап қатнасыўы оның баскетболға болған жоқары ықласы ҳәм өмирлик жолдасының, ата-енесиниң оны адамгершилик пазыйлет пенен қоллап-қуўатлаўы деп түсинемиз.

Баскетбол ойынында тек ғана топты жақсы комбинациялар менен алып жүриў, ойын барысындағы ойын тактикасы болғаны менен шешиўши мәселе топты сақыйнаға таслаў болып табылады. Жәмийла бул барыста да қуры алақан емес. Топты ҳәр бир сақыйнаға түсириўи командасын үлкен қуўанышқа бөлесе, ал қарсылас команда ағзаларының қаттыға ғәзебин келтирер еди. Оның 2016-жылы Ташкент қаласында, 2017-жылы Нөкис қаласында өткерилген ойынларда «Ең жақсы снайпер» номинацияларын жеңип алыўы бул сөзимиздиң анық тастыйығы болып табылады.

Қәлеген спортта улыўма физикалық таярлық дәўиринде жуўырыў ең белсенди шынығыўлардың бири. Сонлықтан да дүнья спортында «Бег - мать спорта» деген ибара бар. Жәмийланың жуўырыў бойынша да анаў-мынаў жеңил атлетшилерди дағда қалдыратуғын жағдайлары көп болған. 1999-жылы жеңил атлетика бойынша Нөкис қаласы биринширлигинде жеңимпазлықты қолға киргизсе, 2003-жылы «Еслеў ҳәм қәдирлеў» күни мүнәсибетине өткерилген Республикалық кросс жарысында сыйлы 2-орынды жеңип алды. Ҳаял-қызлар спартакиадасының финаллық



басқышында баскетбол майданшасының ярымында 3 адамлық команда менен ойналатуғын «Стритбол» ойынында жеңимпаз болып, «Дамас» автомашынасын қолға киргизди.

2007 ҳәм 2010-жыллардағы ҳаял-қызлар спартакиадаларында жеңил атлетикалық жарысларда да жеңимпаз орынларды ийелеў бахтына миясар болды.

## ОЙЫНДАҒЫ ТРЕНЕР

Қарақалпақстан спорты тарийхында исми гандбол (қол тобы) спортының тийкарын салыўшы сыпатында ҳәм раўажландырыўдағы белсендилиги менен зер ҳәриплер менен жазылған спорт қәнигелериниң бири Сапарбай Абдиғаппаров Нөкис қаласындағы спорттың ойын түрлери бойынша спорт мектебиниң директоры болып ислер еди. Ол Жәмийла Баймуратованың баскетбол бойынша Қарақалпақстан сайланды командасындағы умтылысларын, өзи үстинде излениўшилигин, тапсырылған ўазыйпаға айрықша жуўапкершилик пенен қараўынан келешекте спорттың усы тараўын сүйрейтуғын қәниге болып жетилиситетуғынына исенди. Өзиниң спорт мектебине еле арнаўлы қәнигеликке ийе болмай турып-ақ баскетбол бойынша тренер-оқытыўшы етип жумысқа қабыл етти. Бул жағдай ойын барысында Жәмийланың тек қара басына жуўап берип ғана қоймай,



команда ушын да жуўапкершилигин күшейтти. Оның үстине Сапарбай басшылық еткен мектеп, дерлик, ойын түрлери бойынша Қарақалпақстан сайланды командасының басым көпшилигин қурар еди. Демек, усындай уллы инсан исеним билдирген екен, айлық ушын емес, ал нәтийже ушын тер төгиў ўазыйпасы өзи-өзинен-ақ мәлим еди. Өзи Қарақалпақстан сайланды командасы қурамында республика абырайы ушын гүрес алып барып жүрип, команда таярлаў айтар аўызға аңсат туйылғаны менен, оның машақаты өз алдына екенин түсинип жетти. Сайланды команда ағзалары шынығыўлардын кейин үйлерине дем алыўға кетсе, Жәмийла спорт мектебиндеги шәкиртлери менен ислесиўге асығар еди. Ҳәм ойыншы, ҳәм тренер болыўдай ўазыйпа Жәмийланы бираз қыйнап қойды. Ойнаўшы тренер (Играющий тренер) сыпатында өз командасы менен ислесип, сол команда қурамында ойын алып барса ҳәш гәп, оған үлгериўге де, көнлигиўге де болады. Оның шәкиртлери өзи топ сүрип атырған команданың келешек қарлығашлары ямаса жаңа қолына топ услап көрип атырған палапанлар еди. Дәслебинде албыраўшылық болғаны менен Муқаддас Жураевадан алған сабақларын бирме-бир көз алдына келтирип, жаслар менен шынтлап шуғылланыўға кирисchallenging. Оның командасы дәслеп мектеплер аралық, кейин ала районлар аралық беллесиўлерде жоқары нәтийжелерди қолға киргизе баслады. Бул жағдай Жәмийланы еле де командасы менен тығыз байланыста болып, баскетбол ойыны бойынша тәжирийбели тренерлерден мәсләҳәтлер алып жумыс алып барыўға шақырар еди.

2002-жылы Қарақалпақстан Республикасы Дене тәрбия ҳәм спорт бойынша мәмлекетлик комитеттиң баслығы Еркинбай Қутыбаев үлкен исеним билдирип, Жәмийлаға баскетбол бойынша Қарақалпақстан қызлар сайланды командасына басшылық етиўди исенип тапсырды.



SHIMBAY RAYONI MA'LIMLEML-KITAPXANA ORAYI
22 12 2022
№ 2022/24-134.

## ӨЗБЕКСТАН ЧЕМПИОНАТЛАРЫ

Нәтийже жаман болмады. Жәмийла командасы менен биринши мәрте Республикамыздың арын арлаў ушын 2004-жылы Өзбекстан чемпионатына қатнасыўға миясар болды. Өзимиздеги жарысларда қызлары барлық командалардан үстемлик еткенине, сондай-ақ өзи сайланда командада топ сүргенликтен барлық ўәлаятлардың сайланды командаларының жағдайы менен таныс болғанлықтан, сол таўды жыздырмастан Өзбекстан чемпионатының да алтын медалын қолға киргиземен деген кейпиятта командасын ойынға алып шықты. Деген менен, ўәзиятқа надурыс баҳа берген екен. Қысқа дәўир ишинде басқа командалардың да, тактикалары, комбинациялары, ойын манераларында бир қанша жетискенликлерди аңлап жетти. Жарыс нәтийжеси бойынша командасы сыйлы 3-орынды ийелеп, чемпионаттың қола медалларын мойнына тағып қайтты. Бул барыста чемпионлық емес, усы орнын сақлап қалыўдың өзи ушын тынымсыз изленисте болыў зәрүрлигине көзи жеткен Жәмийла сайланды команда менен бурынғыданда бетерирек тығыз байланыста болып, шынығыўларды да жетилистириўге мәжбүр болды. Өзбекстан чемпионатларында 2007-жылы Наманганда және сол нәтийжени тәкирарласа, 2008-жылы Наўайыда нәтийжени бир текше жоқарылатып, сыйлы 2-орынды ийеледи. Ал 2009-жылы Ферғанада болып өткен Өзбекстан чемпионатында шәкиртлери алтын медальды жеңип алыў бахтына миясар болды.Сол жылы Бухарада өткерилген чемпионатта және гүмис медаллар менен шегараланыўға мәжбүр болды. 2011-жылғы ҳәм Өзбекстан чемпионатында Жәмийла басшылық еткен Қарақалпақстан сайланды командасы ең дәслепки нәтийжесин тәкирарлап Қола медаль ийлерине айланса, 2012-жылғы Ташкентте болып өткен Өзбекстан чемпионатының гүмис медалларын қолға киргизиўге миясар болды. 2014-жылы команда сол нәтийжесин және тәкирарласа, 2015-жылы Наманганда



өткерилген Өзбекстан чемпионатында және қола медаллар менен шеклениўге мәжбүр болды. Әлбетте, биз командамыз жарысқа кеткеннен кейин жеңимпаз болыўын қәлеймиз. Лекин ол жерге барған ҳәр бир команданың, сол командаларды жиберип отырған шөлкемлердиң сондай нийетте келип отырғанын есапқа алсақ, медаллар ушын гүрес алып барыўдың қаншелли дәрежеде қыйынлығы тек сол ойынларға қатнасларға ғана аян. Бул орында тренердиң ислеген мийнети, төккен маңлай тери, команданы алдыға өрлетиў ушын изленислери ғана өз нәтийжесин берери анық. Усындай изленислердиң, тынымсыз маңлай тер төгиўлердиң нәтийжесинде Жәмийла басшылық еткен команда ағзалары 2016-жылы Ташкентте, 2017-жылы Наманганда, 2018-жылы Жыззақта өткерилген Өзбекстан чемпиоанатларында мойнына гүмис медалларды тағып, аўылға оралыўы спорт қәнигелери көз қарасынан ойыншық нәрсе емес. Сол жеңислер ушын ҳәр бир ойыншының ҳәр бир топты сақыйнаға түсириўинде қанша маңлай тер, қанша машақатлы мийнет жатырғаны тек қәнигелерге ғана аян. Сондай-ақ Жәмийланың командасы 2020-жылы Наўайыда өткерилген Өзбекстан чемпионатында қола медаль менен шекленсе, 2021-жылы Нөкис қаласында өткерилген Өзбекстан чемпионатында гүмис медаль ийелерине айланды.



Республикада үлкен тренер болғаннан кейин тек чемпионатлар менен шекленип қала алмайсаң, оқыўшылардың, студентлердиң спартакиадасы хызметин атқарып киятырған «Универсиада», «Нәўқыран әўлад», «Үмит нәлшелери» спорт ойынлары да, ондағы Республика командасының тутқан орны да тиккелей аға тренерге байланыслы.

Жәмийланың командасы 2006-жылы Қашқадәрьяда өткерилген «Үмит нәлшелери», 2007-жылы Ташкент қаласында өткерилген «Универсиада» ойынларында қола медаллар ийесине айланған болса, 2008-жылғы «Нәўқыран әўлад» спорт ойынларында алтын медалларды жеңип алыўға еристи.

Спорттың ойын түрлери бойынша республикамыздан бир де спортшы Олимпиада ҳәм Азия ойынларына қатнаспаған болса, Жәмийланың шәкирти Феруза Қаллибекова Өзбекстан сайланды командасы қурамында 2005-жылы Сингапурда өткерилген Азия ойынларына қатнасып, медаль ийесине айланбағаны менен 6-орынды бәнтлеп қайтыў бахтына миясар болды. Ал Гүлназ Наўрызбаева 2017-жылы Өзбекстан сайланды командасы қурамында Азия кубоги жарысына қатнасып, Қарақалпақстан спорттың ойын түрлери бойынша тарийхый табысын қолға киргизип, алтын медаль ийесине айланды.

Соңғы 15 жыл ишинде Жәмийланың шәкитлери Өзбекстан чемпионатының жоқарғы лига ойынларында, жас өзгешелиги бойынша Өзбекстан чемпионатларда, үш басқышлы «Униирсиады», «Нәўқыран әўлад» ҳәм «Үмит нәлшелери» спорт ойынларының ең соңғы басқышларында пъедестальға көтерилмей қайтпады.

Сондай-ақ, Жәмийланың шәкиртлеринен Гүлназ Наўрызбаеваға 2015-жылы Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген спортшы мәмлекетлик атағы берилсе, Шаходат Ерназароваға 2017-жылы «Ең жас спортшы» номинациясы бойынша ардақлаў жеңимпазы болып, ел



басшылары тәрепинен де ылайық баҳасын алып келмекте.

2009-жылы Жәмийланың командасы Сырдәрьяның Гүлистан қаласында өткерилген «Үмит нәлшелери» спорт ойынларында гүмис медаль ийелерине айланып, Ташкент қаласында өткерилетуғын Халық аралық турнир жолламасын қолға киргизди. Бул Жәмийланың командасының халық аралық майдандағы туңғыш рет топ сүриўи еди. Соған қарамастан команда халық аралық турнирдиң гүмис медалларын қолға киргизип, тек бизиң Республиканың емес, пүткил мәмлекет баскетбол ышқыпазларының кеўлинен шыға алды.

Командамыз кубок ойынларында да жақсы нәтийжелерге ерисип келмекте. Атап айтқанда 2010, 2012, 2015, 2019, 2020 2021-жылғы Өзбекстан кубокларының, 2011-жылы Термиз қаласындағы «Нәўқыран әўлад», 2013-ылы Бухарадағы «Универсиада», 2014-жылы Намангандағы «Нәўқыран әўлад», 2015-жылы Ферғанадағы ҳәм «Үмит нәлшелери»ойынларының ҳеш биринде де медальсыз қайтпады. 2020-жылы Бухарадағы «Универсиада-2020» ойынларында 1-орынды ийелеп, баскетбол тарийхында командамыз зер ҳәриплер менен битилетуғын нәтийжени қолға киргизди.

## ХАЛЫҚ АРАЛЫҚ БЕЛЛЕСИЎЛЕР

Жәмийланың шәкиртлеринен 2017-жылы Индияда өткерилген Азия кубоги беллесиўлеринде сәл-пәл әўмет жетисиңкиремей медальдың жүз бурғанын есапқа алмағанда, 2012-жылы Германияда өткерилген Халық аралық турнирде алтын медалларды, 2016-жылы Россияның Воронеж қаласындағы, 2018-жылы Қазақстанның Түркистан қаласындағы, 2019-жылы Қырғызстанның Бишкек қаласындағы Халық аралық турнирлерден аўылға ораларда Жәмийланың шәкиртлериниң көкиреклери қола медаллар безеп турар еди.

Бурынлары спорттың ойын түрлери бойынша разрядлы

спортшының өзи ушығаның қыйқымындай еди. 2017-жылы 12 шәкиртиниң, 2021-жылы 7 шәкиртиниң Өзбекстан спорт устасы нормативин орынлаўының өзи Баймуратова Жәмийланың Республикамызда спорттың баскетбол тараўында тәрезиде тасы басым қәниге екенлигинен дерек береди. Әлбетте, бул нәтийжелерге, изленис, тынымсыз мийнет нәтийжесинде ғана ерисиледи. Халқымызда «Асық ойнаған азар, топ ойнаған тозар» деген ибараның болыўына қарамастан, Жәмийла Александр Матросовтай пулемет аўзына көкирегин тоспай-ақ, тобы менен пүткил елимизге танылды. Бизлер де оның тынымсыз мийнетиниң арқасында көплеген жетискенлик заўқын қушқан шәкиртлери сыпатында Жәмийла апамыздың туўылған күнине оң болсын, өзине саламатлық, жумысларына еле де даңғаралы табыслар тилей отырып, китапшамызға ноқат қоямыз.

**Жәмийла Баймуратованың баскетбол тараўында республикамыздың абырайын ылайық қорғаған шәкиртлери:**

Базарбаева Гүлнара, Базарбаева Күнсулыў, Төренийзова Гүлнара, Жакипова Үмида, Сатимова Гүлқумар, Наўрызбаева Гүлназ, Жиемуратова Алима, Танимова Гузал, Бекназарова Динара, Низаматдинова Гүлсара, Исламова Айзада, Сейтова Дилларам, Палўаниязова Нәўбәҳәр, Кушбаева Үмида, Турсынбаева Қамар, Абдреймова Бибиназ, Ешбоева Саодат, Қарлыбаева Дилназа, Кназбаева Дилбар, Абенова Зульфия, Қыдырбаева Күнсулыў, Қыдырбаева Зульфия, Ерназарова Шаходат, Бекбергенова Орынгүл, Узақбаева Қумарсулыў, Реймбаева Севара, Қарлыбаева Камийла, Толыбаева Шахноза, Қарабаева Нәўбәҳәр, Кеўлимжаева Шакира, Бекполатова Дүрдана, Изентаева Райхана, Алпысбаева Гүлзада, Еркинбаева Гүлнара, Алимбетова Айнура, Нурлыбаева Қоңырша, Бисенбаева Гүлхан, Алжанова Бибиназ, Жумашева Айзада, Қудиярова Гүлмира, Қошқарова Жанар, Жошбаева Амангүл, Джангабаева Диёра, Балтабаева Шоира, Султамуратова Гүлмира.



## МАЗМУНЫ


БАСКЕТБОЛ ТАРИЙХЫНА НӘЗЕР ................ 3
ТОП ДОМАЛАҚ. ЖАЙНАТАР ӨМИРЛИ, БИРАҚ ................ 8
АДАМГЕРШИЛИК ПАЗЫЙЛЕТТИҢ ҮЛГИСИ ................ 12
ТРЕНЕР ДЕ СПОРТШЫ БОЛҒАН ................ 14
ОЙЫНДАҒЫ ТРЕНЕР ................ 16
ӨЗБЕКСТАН ЧЕМПИОНАТЛАРЫ ................ 18
ХАЛЫҚ АРАЛЫҚ БЕЛЛЕСИЎЛЕР ................ 21




Алима ЖИЕМУРАТОВА, Дилбар КНАЗБАЕВА,
Гүлнара ЕРКИНБАЕВА

# ТОБЫ МЕНЕН ТАНЫЛҒАН УСТАЗ

## (Публицистика)

Қарақалпақ тилинде
«AVANGARD-BASPA» баспасы,
Нөкис 2022

Редактор Ә.Қайыпов
Тех. редактор И.Сержанов
Оператор Д.Сапаева

Оригинал-макет «AVANGARD-BASPA» баспасында таярланды.
Оригинал-макеттен басыўға рухсат етилген ўақты 5.05.2022.
Қағаз форматы $60x84^1/_{16}$. Офсет усылында басылды. Гарнитурасы - «Times KRKP». Көлеми 1,5 б/т. Жәми 150 нусқада.
Баҳасы шәртнама бойынша.
Буйыртпа 015

951432-санлы Лицензия, 15.02.2021

«AVANGARD-BASPA» ЖШЖ типографиясында басылды.
230100,
Нөкис қаласы, Т.Қайыпбергенов көшеси, 54-жай.